



Pou Piblikasyon Imedya: 07/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 500 MILYON DOLA POU NOUVO PWOGRAM REZO SWEN SOSYAL LA POU BAY SÈVIS SOSYAL AK AMEYORE REZILTA SANTE POU PLIZYÈ MILYON NOUYÒKÈ KI GEN REVNI FÈB YO

Rezo Swen Sosyal yo pral ede abòde disparisyon nan sante lè yo konekte manm Medicaid yo ak manje nitrisyonèl, sipò pou lojman, transpò sibvansyone ak lòt sèvis enpòtan yo

Pwogram nan fè pati egzonerasyon Refòm Ekite nan Sante 1115 New York la ki te Apwouve an janvyè

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nèf òganizasyon nan tout eta a pral resevwa yon total 500 milyon nan prim pandan twa pwochen ane yo pou kreye yon nouvo pwogram Rezo Swen Sosyal (Social Care Network, SCN) nan Eta New York. Pwogram nan pral abòde disparite sante nan kominote ki gen revni fèb yo lè li pwofite finansman federal pou fasilite manm Medicaid gen aksè ak manje nitrisyonèl, sipò lojman, transpò ak lòt sèvis sosyal ki ka gen yon enpak enpòtan sou sante yon moun. Lè li entegre swen sosyal ak swen sante, pwogram sa a fè avanse yon inisyativ kle nan kad amandman egzonerasyon Refòm Ekite nan Sante Eta New York (New York Health Equity Reform, NYHER) la.

"Rezo Swen Sosyal yo pral ede nou transfòme fason nou sipòte kominote ki gen pi gwo bezwen ki pa satisfè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè pwogram SCN lan, n ap fè yon investisman dirèk nan sante ak byennèt kominote lokal nou yo - epi Nouyòkè yo pral konekte ak yon sistèm swen sante ak sosyal ki pi ekitab ak entegre."

Eta New York, nan kad Egzonerasyon Demonstrasyon Medicaid nan Seksyon 1115 li a, ap franchi yon etap istorik pou kreye yon nouvo modèl swen ki pral entegre swen sante ak swen sosyal atravè rezo ak finansman ki asosye. Pwogram 500 milyon dola a se yon pati nan yon egzansyon 7.5 milya dola pou twa ane ak prèske 6 milya dola finansman federal. SCN yo pral eleman debaz pou fasilite livrezon bezwen sosyal ki gen rapò ak sante, tankou nitrisyon, sipò lojman, transpò, ak jesyon ka pou manm Medicaid ki elijib yo, ki esansyèl pou abòde disparite sante ak amelyore sante popilasyon an.

Done yo montre ke sibvansyone bezwen sosyal ki gen rapò ak sante ka gen yon enpak ki siyifikativman pozitif sou rezilta sante pou Nouyòkè ki gen revni fèb yo.

Pa egzanp, yon pwogram ki rele Inisyativ Lojman Sipò ak Ekip Rekonsepsyon Medicaid (Medicaid Redesign Team Supportive Housing Initiative) la konsantre sou bay lojman pèmanan ak sèvis sipò lokasyon pou Nouyòkè ki sanzabri ki gen pwoblèm medikal. Yon analiz sou pwogram nan te montre ke envesti nan sipò lojman te mennen nan pi bon rezilta sante tankou:

- 40 pousan rediksyon nan jou pasyan ki entène yo
- 26 pousan rediksyon nan vizit depatman ijans yo
- 44 pousan rediksyon nan pasyan ki gen admisyon nan reyabilitasyon pou itilizasyon sibstans pou pasyan ki entène
- 27 pousan rediksyon nan pasyan ki gen admisyon sikyatrik pou pasyan ki entène
- 15 pousan rediksyon nan depans sante Medicaid an jeneral
- Atravè priyorite estratejik, pi gwo desil enskri yo te gen yon mwayèn ekonomi Medicaid 45,600 dola pou chak moun pa ane.

Yo te chwazi òganizasyon sa yo epi yo pral kouvri nèf rejyon atravè Eta a:

Òganizasyon	Rejyon
Care Compass Collaborative	Southern Tier
Finger Lakes IPA Inc.	Finger Lakes
Konsèy Sante ak Byennèt Long Island	Long Island
Healthy Alliance Foundation Inc.	Capital Region, Central NY, North Country
Hudson Valley Care Coalition, Inc.	Hudson Valley
Public Health Solutions	Manhattan, Queens, Brooklyn
Staten Island Performing Provider System	Staten Island
Somos Healthcare Providers, Inc.	Bronx
Western New York Integrated Care Collaborative Inc.	Western NY

Komisè Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare, "Akòde kontra Entite Prensipal Rezo Swen Sosyal la reprezante yon etap enpòtan nan direksyon pou avanse ekite nan sante, elimine disparite sante, ak adrese bezwen sosyal ki gen rapò ak sante. Nou tradisyonèlman envesti dola swen sante yo nan swen dirèk pasyan yo, men, se souvan faktè sa yo ki 'deyò sal egzamen an' ki plis bezwen adrese. Envestisman istorik sa a pèmèt patnè sa yo konekte pasyan yo ak faktè ki pi souvan

enfliyanse sante nou, tankou jwenn lojman ki estab, transpò fyab, asirans sante ak lòt faktè ki amelyore sante pèsonèl moun yo."

Direktè Medicaid Eta, Amir Bassiri, te deklare, "Prim Rezo Swen Sosyal sa yo pral transfòme fason yo bay swen sante ak swen sosyal. Rezo sa yo santral pou atenn objektif ekite sante nan egzonerasyon NYHER, epi yo pral konplete estrateji alontèm nou an pou enkòpore benefis swen sosyal nan pwogram Swen Jere Medicaid la."

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Mwen fyè pou m ede reyalize investisman 500 milyon dola sa a – yon pati nan yon gwo èd egzonerasyon federal 6 milya dola – pou eta New York kapab kreye Rezo Swen Sosyal enteresan ak inovan sa a pou pi byen entegre swen sosyal ak swen sante pou amelyore rezilta sante pou moun ki nan kominote ki pi defavorize nou yo. Li se yon apwòch kreyatif nan swen sante ki ka sove lavi epi, apre yon sèten tan, ekonomize lajan nan fè fas ak pwoblèm swen sante nan kominote ki nan bezwen yonfason ki plis pwo-aktif ak plis global. Soti nan Bronx pase nan Watertown rive nan Buffalo, òganizasyon lokal san bi likratif yo nan Rezo Swen Sosyal la pral adrese bezwen lojman, manje, transpò, ansanm ak swen sante pou Nouyòkè parèy nouyo ki nan bezwen yo resewa sipò yo bezwen pou yo an sante epi pou yo pwospere. Mwen rekonesan pou travay Gouvènè Hochul fè pou asire ke resous federal sa yo ap byen investi pou ede moun atravè New York jwenn aksè ak sèvis sosyal enpòtan yo."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Jodi a, New York ap angaje plizyè santèn milyon dola pou abòde disparite sante nan kominote ki gen revni fèb yo epi pou amelyore rezilta sante pou anpil Nouyòkè. Pwogram SCN a pral tounen yon liy vital pou anpil moun epi elaji aksè ak manje nitrisyonèl, sipò lojman, transpò, ak lòt sèvis sosyal. Mwen fyè pou m sipòte angajman Gouvènè Hochul pran pou avanse ekite sante epi mwen pral kontinye goumen nan nivo federal pou adrese disparite sante nan New York ak nan tout peyi a".

Reprezantan Jerry Nadler te deklare, "Mwen bat bravo pou anons 500 milyon dola jodi a pou ede amelyore sante plizyè milyon Nouyòkè. Nèf òganizasyon yo nonmen jodi a pral sèvi kòm antite prensipal pou pwogram Rezo Swen Sosyal (Social Care Network, SCN) revolisyonè New York la. Nouvo pwogram SCN la pral konekte Nouyòkè ki pi defavorize yo ak sèvis sosyal enpòtan yo, tankou lojman, pwogram nitrisyonèl, ak plis ankò."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Mwen kontan anpil pou m selebre investisman enpòtan sa a ki montre angajman nou pou n abòde kòz prensipal disparite sante yo ki afekte kominote nou yo chak jou. Lè w entegre sistèm swen sante nou an ak sèvis sosyal esansyèl yo, investisman sa a fè avanse yon apwòch ki konsantre ak konplè pou ankouraje kominote ki pi an sante, ki pi ekitab ak amelyore byennèt Nouyòkè ki gen revni fèb yo isit la nan Rejyon Kapital nou an ak atravè eta a."

Reprezantan Adriano Espaillat te deklare, "Mèsi Gouvènè Hochul pou dènye efò sa a pou elaji finansman pou sèvis pou avanse plis sante ak byennèt pou Nouyòkè ki gen

revni fèb yo. Finansman sa a ede pouse angajman nèt òganizasyon atravè eta nou an pou sipòte fanmi ki nan bezwen yo nan fasilite aksè manm Medicaid ak manje, sipò lojman, transpò, ak lòt sèvis sosyal. Anons jodi a reyafime travay nou an pou abòde disparite sante nan kominote nou yo epi bati sou efò kolaborasyon nou yo pou sipòte fanmi vilnerab nan kominote nou yo lè yo bezwen èd nou an plis."

Reprezantan Ritchie Torres, te deklare, "Sèvis sosyal ak aksè ak resous swen sante yo enpòtan anpil pou fonksyon chak jou rezidan Bronx yo. Envestisman enpòtan nan egzonerasyon 1115 la nan Rezo Swen Sosyal yo pral ede amelyore sèvis ak sistèm sipò pou anpil rezidan Bronx. Mwen vle espesyalman felisite Somos Healthcare Providers paske yo te chwazi yo pou resevwa yon prim ki pral ede rezidan Bronx yo ki nan bezwen yo. SCN sa yo esansyèl pou amelyore ekite sante pou Manm Medicaid yo epi mwen pa ka tann pou m travay ak Gouvènè a pou plis elaji ak amelyore pwogram ak sèvis sa yo."

Reprezantan Pat Ryan te deklare, "Chak fanmi Hudson Valley merite swen sante konplè ak aksè a bon jan kalite sèvis sosyal. Mwen fyè dèske fon federal sa yo pral retire baryè ki genyen nan swen, pou ede Hudson Valley Care Coalition delivre tout bagay, soti nan lojman, pase nan nitrisyon rive nan transpò. Mèsi Gouvènè Hochul paske li defann pwoblèm kle sa a – m ap kontinye goumen chak jou pou diminye depans yo epi bay sekou pou fanmi Hudson Valley yo."

Reprezantan Dan Goldman, te deklare, "Lè w entegre sèvis sosyal tankou lojman, nitrisyon, ak transpò ak swen sante, envestisman istorik sa a pral dirèkteman abòde inegalite nan eta nou an epi asire ke tout Nouyòkè ka pwospere, kèlkeswa revni yo oswa orijin yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li sèvi ak kreyativite èd federal epi li dirije nouvo modèl swen sa a pou sipòte yon fason ki plis konplè kominote ki gen revni fèb ki soufri mank envestisman pandan plizyè deseni. Mwen anvi kontinye travay ak ofisyèl federal, eta ak lokal yo pou asire ke envestisman sa yo rive jwenn moun ki plis bezwen li yo."

Reprezantan Tim Kennedy, te deklare, "Finansman ki pote transfòmasyon sa a pral relanse Rezo Swen Sosyal New York la, ki konekte moun ki kalifye yo ak swen sante ak sèvis yo bezwen pou yo pwospere. Swen sante se youn nan konpozan sante an jeneral, se poutèt sa inisyativ sa a bay moun k ap resevwa Medicaid plis sipò konplè pou yo jwenn manje ki nourisan, lojman ak transpò. Nan distri mwen an, mwen pa ka tann ke Western New York Integrated Care Collaboration Inc. bay swen ki pi ekitab epi ki gen plis enpak pou moun ki plis bezwen li."

Majistra Vil New York, Eric Adams, te deklare, "Lè yo etabli Rezo Swen Sosyal ki bay sèvis sou tèren an ki soti nan men patnè kominotè nou fè konfyans yo, n ap envesti nan swen sante alontèm nan kominote nou yo. Sante ak byennèt Nouyòkè yo se yon priyorite pou administrasyon nou an, epi se poutèt sa nou te lanse 'HealthyNYC,' pou elaji esperans lavi mwayèn tout Nouyòkè yo, epi se rezon sa nou te travay kole ak patnè eta nou yo pou adrese dirèkteman domaj sante mantal konpayi rezo sosyal yo te

koze, sitou pou jèn nou yo. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul pou efò li fè isit la epi nou pa ka tann pou nou travay avèk Rezo Swen Sosyal la nan Vil New York."

Majistra Albany an, Kathy Sheehan te deklare, "Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul dèske l'investi 500 milyon dola pou ede kraze baryè yo epi asire vwazen ki pi vilnerab nou yo konekte ak sèvis swen sante ak sosyal yo bezwen. Vil Albany – itilize fon règleman opyoyid nou yo – epi Konte Albany dènyèman te fè patenarya pou kreye inisyativ tretman lari Albany Navigates la pou pote resous sante ak sosyal dirèkteman bay moun ki nan kriz, epi nouvo Rezo Swen Sosyal sa a se yon lòt fason gouvènman an ap travay pou konbat defi sante ak sosyal nou wè atravè vil, rejyon, ak eta nou an. Nou pa ka tann pou m travay ak Eta New York ak patnè lokal nou yo pou elaji pwogram sa yo ki nesèsè anpil."

Majistra Rochester, Malik D. Evans, te deklare, "Rezidan ki pi vilnerab nou yo ap goumen chak jou pou yo libere de yon seri inegalite ki konplèks ak antrelase ki kikenbe egzistans relasyon ant povrete ak rezilta sante redwi. Mwen bat bravo pou inovasyon ak vizyon Gouvènè Hochul ak Depatman Sante Eta New York la ki te mennen nan devlopman Pwogram Rezo Swen Sosyal la. Lè li konfwonte kompleksite disparite sante yo ak yon apwòch konplè sou inegalite sosyal, pwogram sa a pral avanse objektif nou yo pou kreye yon Rochester ki an sekirite, ekitab epi k'ap pwospere nan enspire espwa epi bay opòtinite pou tout moun."

Majistra Utica Michael P. Galime, te deklare, "Konekte moun ki bezwen, oswa ki depann de sèvis esansyèl pou viv yon lavi siksè chak jou se yon aspè kle nan sa nou espere wè finansman sa a adese nan kominote nou an."

Direktè Egzekitif Care Compass, Mark Ropiecki, te deklare, "Care Compass gen anpil onè pou li sèvi kòm antite prensipal Rezo Swen Sosyal (SCN) la pou rejyon Southern Tier la. Antanke yon ansyen PPS pandan egzonerasyon DSRIP k'ap sèvi rejyon Southern Tier la, Care Compass gen yon konsantrasyon depi lontan sou amelyore aksè ak swen, amelyore kalite, ak diminye depans swen sante pou manm Medicaid yo nan kominote a. Care Compass kounye a pa ka tann pou l' travay ak Eta a ak lòt SCN yo pou avanse ekite sante epi redwi disparite sante yo lè yo konekte kominote a ak nouvo sèvis sa yo. Rejyon Southern Tier la se yon lidè nan inovasyon swen sante ak transfòmasyon sistèm livrezon epi li trè byen pozisyone pou l'kontinye travay enpòtan sa a nan sèvi popilasyon Medicaid la."

Direktè Egzekitif Forward Leading IPA, Inc., Patty McMahon, te deklare, "FLIPA gen onè pou li kapab ogmante wòl esansyèl òganizasyon kominotè yo jwe nan kominote ki an sante yo epi entegre travay yo nan sistèm swen sante primè ak konpòtmantal ki egziste deja. Li byen etabli ke swen sante fizik sèlman kontabilize pou apeprè 20% nan sante ak byennèt an jeneral. Sa a se yon opòtinite pou rekonèt reyalyte sa a epi chanje lavi manm Medicaid ki elijib yo lè yo abòde sistematikman bezwen swen sosyal yo ki gen rapò ak sante."

Vis Prezidan Egzekitif Konsèy Sante ak Byennèt Long Island, Lori Andrade, te deklare, "HWCLI gen onè pou yo chwazi kòm antite prensipal pou Health Equity Alliance of Long Island (HEALI), kise Rezo Swen Sosyal la nan Long Island. Rezo HEALI la pou òganizasyon kominotè, sistèm sante, Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal ak patnè kominotè yo ap kolabore depi 2017 pou entegre swen sosyal, swen sante ak swen sante konpòtmantal. Nou pran angajman pou nou vin pyonye nan opòtinite ra ak inik sa a pou transfòme fason nou panse sou sante, byennèt ak swen. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak Komisè Bassiri pou opòtinite sa a ki rive yon fwa nan lavi pou revolisyone fason nou adrese bezwen moun ak fanmi yo atravè Island. Avèk kliyan Medicaid ki nan sant modèl swen sa a, plis moun ki nan Long Island yo pral gen aksè ak swen, amelyorasyon rezilta ak pi gwo byennèt."

Direktè Egzekitif Jeneral Healthy Alliance Foundation, Inc., Erica Coletti, te deklare, "Ansanm ak patnè nou yo, nou bati yon rezo divès ak aktif ki santre sou manm kominote a, ki te ede plis pase 275,000 moun jiska dat. Angajman sa a nan tout eta a pou redefini fason yo bay swen an valide davantaj travay nou te fè pandan dènye deseni an, epi nou gen onè epi prepare – pou fè pati pwochen etap monumental sa a pou asire plis Nouyòkè gen menm opòtinite pou yo rete an sante."

Direktè Egzekitif Jeneral Hudson Valley Care Coalition, Amie Parikh, te deklare, "Hudson Valley Care Coalition gen onè pou yo te chwazi l kòm Rezo Swen Sosyal pou Hudson Valley. Rezo nou an ki gen plis pase 150 òganizasyon, ki gen ladan Òganizasyon Kominotè, lopital, Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal, gouvènman konte yo, ak ajans sante konpòtmantal yo gen yon objektif nòb pou 'Kreye Kominote Sante ak Byennèt pou TOUT MOUN y.' Nou pare pou fè inogirasyon Reze Swen Sante Hudson Valley k ap inogire a vin yon reyalyte ak yon fondasyon yon ekosistèm swen sante ki anbrase yon apwòch global pou moun. Rezo nou an angaje l pou amelyore aksè, ekite sante ak rezilta sante ki enpòtan pou 720,000 moun k ap resevwa Medicaid nan konte Dutchess, Orange, Putnam, Rockland, Sullivan, Ulster ak Westchester."

Vis Prezidan Egzekitif & Direktè Estrateji Public Health Solutions, Zachariah Hennessey, te deklare, "Chak ane, dè santèn milye Nouyòkè evite swen sante akòz enkyetid sou lajan, lojman, manje, transpò, ak lòt bezwen ki pa satisfè. Yo ale nan swen sante sèlman lè yo nan kriz epi lavi yo vin rakousi. Atravè inisyativ Refòm Ekite nan Sante Eta New York la, nou gen yon opòtinite inik pou chanje trajèktwa sa a epi asire benefisyè Medicaid yo resevwa resous yo bezwen alè pou yo rive jwenn pi bon sante pou tèt yo ak fanmi yo. Gwo investisman sa a pral elaji WholeYouNYC, rezo òganizasyon kominotè kowòdone, ki pèmèt teknoloji nou an ki bay resous enpòtan nan Queens, Brooklyn, ak Manhattan pou asire Nouyòkè yo gen aksè fasil ak pi fasil ak sèvis yo bezwen yo."

Direktè Egzekitif Staten Island Performing Provider System (SI PPS), Doktè Joseph Conte, te deklare, "PPS Staten Island gen onè paske Gouvènè Hochul rekonèt li pou sèvi pèp Staten Island lan kòm antite prensipal pou Rezo Swen Sosyal la. Konfwonte inegalite sante vle di adrese lefèt ke kòd postal yon moun bay plis prediksyon pou esperans lavi yo pase kondisyon medikal yo - sa mande yon chanjman

egzanplè. Chanjman sa a pozisyon SCN yo ak Òganizasyon Kominotè yo nan yon modèl swen inik ki pwofite inovasyon ak efò kolaborasyon sistèm sante yo, FQHC yo, moun k ap bay swen yo, swen jere ak patnè teknoloji yo. SI PPS pran angajman pou l travay avèk DOH ak 8 lòt SCN yo pou amelyore rezilta sante pou tout Nouyòkè yo, sitou sila yo ki souffri disparite sante yo."

Prezidan Direktè Jeneral SOMOS Healthcare Providers, Lidia Virgil, te deklare, "SOMOS te pyonye Swen Sosyal nan kominote defavorize yo depi plizyè ane. Kòm pi gwo rezo doktè ki dirije pa minorite nan New York, nou travay nan entèseksyon swen sante ak swen sosyal, se sa nou ye. SOMOS fyè pou l rejwenn Eta New York pou chanje lavi pèp nou an nan Bronx. Chak moun ki gen manje pou yo manje, yon mwayen pou ale kay doktè yo, yon kote pou yo viv, jwenn respè ak ekite nan sosyete nou an. Nou pi an sante lè nou tout gen aksè ak konpozan debaz yo nan rèv Ameriken an. Rezo Swen Sosyal SOMOS la pral pote transfòmasyon epi l ap istorik."

Direktè Egzekitif Western New York Integrated Care Collaborative Inc., Nikki Kmicinsk, te deklare, "Nou gen onè ak kontan dèske nou te chwazi kòm Lidè SCN pou Rejyon Lwès Eta New York la. Sa a vrèman diferan. Sa a se pa yon dabitid. Se yon eleman ki chanje jwèt la pou òganizasyon manm nou yo – ki te ogmante de 65% nan 18 dènye mwa yo — sa ki pèmèt yo konsantre menm plis nan resous yo ak efò yo sou livrezon sèvis nan tout kominote nou an. Li valide tou gwo travay nou te fè jiska prezan nan amelyore efikasite manm yo, elimine redondans ki koute chè, ak pwodwi done ki montre nou fè yon diferans reyèl, ki tanjib nan lavi moun. Rejyon nou an renome kòm bon vwazen. Nou vize enkòpore santiman sa a lè nou vin yon jeran jis, responsab ak kolaboratif pou fon sa yo."

Antite Prensipal SCN yo pral konekte manm Medicaid yo ak sipò enpòtan lè yo fè kontra avèk founisè sèvis sosyal pou ede Manm yo navige ak jwenn aksè ak sèvis yo. Chak Antite Prensipal SCN pral yon founisè Medicaid deziyen epi kowòdone livrezon sèvis yo, tankou lojman, transpò, nitrisyon, ak jesyon swen, nan rejyon pa yo. Manm Medicaid ki bezwen asistans ak bezwen sosyal ki pa satisfè ak sante yo pral konekte ak resous ki egziste deja, tankou lojman, nitrisyon, transpò, ak jesyon swen.

SCN yo pral yon mekanis esansyèl pou amelyore ekite sante pou manm Medicaid yo epi ogmante kolaborasyon ant founisè sèvis sosyal ak lòt patnè nan sistèm swen sante a, swiv bezwen manm yo, epi asire referans alè nan sèvis enpòtan yo.

W ap jwenn plis enfòmasyon sou SCN yo [isit la](#).

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou amannman egzonerasyon Refòm Ekite nan Sante New York (New York Health Equity Reform, NYHER) ka nan kad tab Amannman Egzonerasyon MRT 1115 la [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)